



PEMERINTAH KABUPATEN BLITAR
KELOMPOK KERJA GURU KELAS V SELOPURO
ASESMEN TENGAH SEMESTER II
TAHUN PELAJARAN 2024/2025



Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Nama :
Kelas : V (Lima)	Waktu :
Sekolah Dasar :	Nilai :
Hari/Tanggal :	

A. Wenehana tanda ping (x) ing aksara a, b, c utawa d kang ana sangarepe wangsulan kang bener !

- Kang kalebu wujud ekosistem iku ...
a. Pasar b. pertokoan c. alas d. rumah sakit
- Alas gedhe banget gunane tumrap panguripane manungsa mula kudu...
a. Dilestareake b. direbuisasi c. digarap d. paedahe
- Kabeh kang ana sajrone ekosistem iku ana ...siji lan sijine.
a. Kebutuhane b. sesambunge c. mupangate d. paedahe
- Salah sijine mupangate alas tumrap pangarupine manungsa yaiku ...
a. Kanggo golek kayu b. kanggo dhelik
c. Kanggo omah kewan galak d. Kanggo nyimpen banyu
- Karangan kang mbeberake kahanan kanthi cetha supaya sing maca bisa kaya-kaya ngrasakake ndeleng lan krungu diarani karangan. ...
a. Narasi b. deskripsi c. eksplorasi d. argumentasi
- Abang-abang ora legi, Tiwas dagang ora bathi. Ukara iki kalebu. ...
a. Parikan b. Paribasan c. Panyendhu d. Panyandra
- Bondhan penari kang kasuwur pancen jogede kaya ...
a. macan luwe b. merak kesimpir c. gabah diinteri d. kitiran
- Untu sing apik racak panyandrane untune ...
a. Miji semangka b. Miji waluh c. Miji timun d.
- Senajan sikile ...kancaku sing jenenge bagus iku tetep bagus.
a. Bengkong b. budhengen c. gudhigen d. pincang
- Mira tangane ...mula yen njoged luwes banget.
a. Nrajumus b. nggandadewa pinentang c. mbara sempal d. mokang gansir
- Putih kumpul padha klebu panyandra ukara. ...
a. Pepindhan b. parikan c. paribasan d. panyandra
- Ing ngisor iki kang panyandra ukara ...
a. Alisane Mbak Rini njirit nanggal sapisan
b. Bocah iku diceluk bola bali ora teka, kupinge budheg
c. Mlakune thimik-thimik, pancen sikile pingkor
d. Badrun rambute njebobok, jalanan ora tau jugkatan
- Jemek-jemek gulane jawa, aja ngenyek marang kanca. Ukara iki kalebu. ...
a. Panyandra b. Panyendhu c. Parikan d. Paribasan

14. Parikan dumadi saka rong gatra. Gatra kapisan minangka sampiran. Dene gatra kapindho iku . .
 a. Minangka terusane b. karepe (isi) c. ukara kanggo nerusne d. minangka ganepane
15. Ukara ing ngisor iki kang ora klabu parikan. . .
 a. Abang ora legi, tiwas dagang ora bathi
 b. Ali-ali mata telu, ojo lali karo aku
 c. Becik ketitik, ala ketara
 d. Wedang bubuk gula tebu, mata ngantuk njaluk turu
16. Bocah iki kembar, rupane padha persis kaya. . .
 a. Ora ana bedhane
 b. Padha plek
 c. Jambe sinigar
 d. Cangkir binelah
17. Eyangku tansah reruntungan ngalorngidul kaya mimi lan minthuna. Tembung mimi lan mintuna klabu . . .
 a. Pepindhan b. Parikan c. Panyandra d. Panyendhu
18. Punawakan iku papat, kabeh ana cacate, Petruk dawa irunge, wetenge njendhindil. Dawa irunge, wetenge njendhidil klebu tembung
 a. Pepindhan b. Parikan c. Panyandra d. Panyendhu
19. Senajan bocah iki isih cilik nanging . . . cukat trengginas kaya sikata nyamber walang.
 a. Tandangane b. polahe c. Gawean d. kesit
20. Dhik Lilis pancen ayu, mripate blalak-blalak, alise nanggal sepisan, idepe. . .
 a. Ireng lan ketel b. tumengeng tawang c. malik mungguh d. ngudhup mlathi

B. Isenana titik-titik ing ukara ngisor iki ngganggo wangsulan sing bener!

1. Polahe wong golek pangan kaya. . .
2. Rahmad kae bocah pinter, lan watak e . . .
3. Mbak Sulistiyawati putrane Pak mantra kae driji . . .
4. Indah kae alise nanggal sapisan lan sinome . . .
5. Gareng, Petruk lan Bagong duwe ciri dhewe-dhewe, Gareng sikile . . .
6. Baladhewa ratu Mandura watake . . .
7. Dhik Sinta pakulitane . . .lan rambute ngandhan-andhan
8. Tandhange Pak Karno kaya . . .jalaran wis kentekan wektu.
9. Mbak Sari Dewi bathuke . . .lan mripate blalak-blalak.
10. Mas Bagus yen ngagem jas gagah banget jalaran pindhake.....

C. Rampungna ukara-ukara ngisor iki!

1. Tulisen 2 ciri-ciri karangan deskripsi !
2. Tulisen 2 ciri-ciri karangan narasi !
3. Terusno parikan iki, Tawon madu ngisep sekar,
4. Ngasah arit nganthi landhep, ...
5. Naliko gunung kelud mbledos polahe wong kang cedhak kana kaya